

Date : August 27, 2013

Nimewo Pwogram Nan : 0871

Tit Pwogram Nan : I Timote 3:8-16

Ou nan etib biblik Atravè Labib se toujou yon gran plezi pou nou rakontre. N'ap kontinye jodia avèk etid nou nan liv I Timote a pou nou konsidere I Timote 3 :8-16.

Annou pwoche kote Bondye Papa a nan lapriyè!

Ala mèvèy! Ala bèl mèvèy! Ala Ou mèvèye Bondye! Ti tan, ti espas, ti egzistans pa ka kenbe W'. Ou te la depi toutan gen tan. Ou te la anvan tout bagay, Ou la koulyea, Ou va toujou la pou toutan. Ou prezan isit, laba, anwo, anba, tout kote alafwa, Ou pa limite nan lespas. Egzistans Ou non plis pa kondisyone avèk okenn paramèt, petèt nou pa menm ka pale de egzistans, pito n' ta di tankou W' te di Moyiz la Ou se Ou. Enben n'ap kite Mwen menm ki Mwen menm nan reye nan moman sa, nou ta renmen pale nan non Ou e koute sa Ou gen pou di nou. Se nan non Bondye Pitit la Pawòl etènèl ki te tounen moun nan ke nou priye W', amèn.

Byenvini nan etid la pou jounen an, n'ap etidye I Timote 3 : 8-16.

KALIFIKASYON DYAK YO

I Timote 3 :8 *Konsa tou, se pou moun k'ap ede nan sèvis legliz la se moun ki respektab, ki pa gen de pawòl, moun ki pa bwè twòp, ki pa renmen fè lajan mal, ki p'ap kouri dèyè lajan.*

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMP production), mstorly@hotmail.com

Mo Pòl itilize pou dyak yo isit la se menm mo yo konn itilize pafwa pou « minis » yo. Yo rele Pòl ak Apolos dyak. Yo rele Senyè Jezi dyak nan Matye 20 :28. Nan Women 13 : 4 yo rele ofisyèl gouvènman yo minis, e nan II Korent 11 :15 yo itilize menm mo sa a pou pale sou minis Satan yo. Pa konsekan dyak ou ankò minis se yon tèm jeneral yo itilize pou deziye yon sèvitè ou yon travayè.

Nou kapab panse sou istwa yo rakonte nou nan Travay chapit 6 lè yo te etabli fonksyon dyak la nan legliz primitiv la. Men sepandan yo pa t' menm itilize mo Grèk ki vle di dyak la nan okazasyon sa a. Men m' konfyan nou gen yon bon baz esprityèl pou penmèt nou konfime yo te nonmenm mesye sa yo dyak nan legliz la.

Yon dyak, malgre travay li plis konsènan aspè pratik e materyèl yo nan legliz la, dwe se yon nonm esprityèl. Nou rankontre anpil pwoblèm jodia lè nou nonme yon dyak sou baz kalifikasyon materyèl olye de kalifikasyon esprityèl li. Nou panse paske yon moun se yon gwo biznisman sa fè l' ka yon bon dyak tou. Gen twòp moun yo nonmen sou baz kritè sa a.

Pandan n'ap etidye liv I Timote a, m'eseye souliye legliz lokal la se yon òganizasyon imen ki bezwen fè santi l' nan kominote a, e nan sans sa a li touche tout aspè de baz yo. Li bezwen regle pwoblèm tanp ou ankò kay ou batiman kote y'ap adore a. Li bezwen regle pwoblèm elekrisite e chofaj nan peyi frèt yo. Li bezwen regle tout lòt bagay reyèl yo byenke yo pa parèt womantik. Sa yo bon se vre, e yo konn pouse nou bay bagay materyèl yo plis enpòtans men ala fen sa ki vini anvan tout lòt bagay la, sa ki pi enpòtan pou nou sonje a sèke legliz la tou dabò gen yon ministè esprityèl nan kominote a. Byen souvan se bagay materyèl yo nou mete an premye men moun ki dwe vin dyak nan legliz la dwe ranpli kalifikasyon esprityèl yo. Gen kèk moun ki

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

mete sa konsa, yo di : « Lè yon legliz pèdi kontak ak lòt monn nan, li tou pèdi kontak ak monn sa a. » M' dakò 100% ak pawòl sa yo. Toutotan l' pa fin ranpli aspè esprityèl yo, yon legliz pa ka akonpli aspè materyèl ou pratik fonksyon li nan monn sa. Dyak la pakonsekan, dwe ranpli kèk kalifikasyon esprityèl.

« *Konsa tou, se pou moun k'ap ede nan sèvis legliz la se moun ki respektab.* » Li dwe yon moun ki gen diyite.

« *... Ki pa gen de pawòl.* » Yon dyak pa dwe gen de vizaj. Fòk pawòl yon moun ka gen valè. M' kwè se trè danjre lè yon moun ap chache fèt tout moun plezi e l' pa ka pran yon pozisyon fèm. Dyak la pa dwe yon diktatè men l' pa ka yon moun san karaktè non plis, li dwe jwenn yon balans yon kote nan mitan.

« *Moun ki pa bwè twòp.* » Moun sa a pa dwe bwè twòp diven ou alkòl. Labib anseye tanperans, e sa enpòtan pou nou wè. M' pa kwè Labib totalman bani alkòl paske yo te sèvi ak li nan anpil renmèd nan tan sa a. Pòl nan I Timote 5 : 23 te menm ankouraje Timote bwè yon ti diven pou lestomak li. Menm jodia gen anpil nan medikaman n'ap pran yo ki gen alkòl nan yo.

Pwoblèm ki genyen avèk alkòl nan jou nou yo se fason yo itilize l' kòm bwason, e m' panse pou jan yo abize l' la, legliz la ta dwe anseye yon abtinans total. M' pa kwè yon kretyen ta dwe itilize alkòl kòm bwason ou yon rafrechisman.

« *Ki pa renmen fè lajan mal, ki p'ap kouri dèyè lajan.* » Ki vle di dyak la pa dwe gen yon lanmou demezire pou lajan. Li dwe yon moun entèg e jere lajan legliz la an tout onètete. Pa gen anyen ki ka plis afekte yon legliz plis pase lè yo akize yon dyak kòm moun k'ap fè malvèsasyon ak lajan legliz la. Lè yo bay yon lajan nan legliz la pou yon bagay byen detèmine se pou bagay yo te bay li a nou dwe depanse lajan sa a.

M' dekouvri nan eksperyans mwen majorite moun k'ap dirije legliz nou yo se moun ki gen anpil entegrite, men se ti gwoup malonèt yo k'ap bay pwoblèm e k'ap fè yo jete diskrite sou gran majorite a konsa. Si gen yon temwayaj legliz la dwe bay monn lan se demontre jan nou onèt e jan nou jere aspè finasye yo avèk anpil entegrite.

I Timote 3 :9 *Se pou yo kenbe verite Bondye fè nou konnen an ak konsyans yo pwòp.*

Gen yon lòt tradiksyon ki di « Se pou yo kenbe mistè lafwa a ak konsyans yo pwòp. » Mistè lafwa a vle di revelasyon levanjil Jezikri a. Lè Pòl di « lafwa », li pap pale sou definisyon abstrè mo a non men pito sou doktrin lafwa yo. Li rele yo yon « mistè » paske doktrin sa yo se bagay ki fenk dekachte nan Nouvo Testaman an, se yon seri gran verite yo pa t' ankò revele nan Ansyen Testaman an. Yo di nou nan liv Travay la, legliz primitiv la te kontinye grandi nan doktrin apot yo. Se doktrin apostolik yo ki te reprezante « lafwa » legliz primitiv la. Se sa tou ki dwe konstitiye lafwa legliz la jodia, e legliz la bezwen prezante temwayaj lafwa sa a pou lemonn ka wè.

Gen yon bon kantite moun jodia ki panse lafwa deja fin demode e bezwen ranplase. Gen yon editoryal nan yonn nan gran jounal nasyonal yo kèk lanne pase ki te sipòte lide pou yo ta remanye e mete lis « sèt peche mòtèl yo » ajou. Nouvo lis yo te bay la te gen ladan l' : egoyis, entolerans, endiferans, kriyote, vyolans ak kraze brize. Lis sa a evidamman elimine konvwatiz ak pidisite. Yo di rezon ki fè yo retire konvwatiz, se paske sèjousi l' osi komen ke bak sirèt ti machann nan lari, ou jwenn li tout kote. Yo pa t' mete « gran manjè » lè yon moun manje depase paske yo di sa se yon pwoblèm kolestowòl pa yon pwoblèm teolojik. Yo te konsidere mo tankou *lanvi* ak *parès* kòm konsèp antik. Atik la

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

note diferan gwoup nan sosyete a gen diferan definisyon pou mo peche a. Pa egzanp, jenn moun yo ta mete ensiyifyans ak ipokrizi an premye nan lis peche yo, men yo pa ta mete kraze brize sof si sa ta touche anwiwònman an. Menmjan an tou, moun aje yo ta prefere mete bri, cheve ak maledve an premye nan lis pa yo a. Kèk moun ta di sèl sa nouvo lis yo prezante a fè se bay ansyen peche pote nouvo non. Pa egzanp, se apèn si egoyis ranplase konvwatiz. Atik la di ansyen non yo pa alamòd ankò, yo bezwen ranplase si nou ta vle peche gen okenn fòs moral ou okenn sans pou tan nou an toujou. Li fini avèk remak pou di sa vo lapenn pou nou kenbe konsèp peche a !

M' konplètman dakò sa vo lapenn nou konsève konsèp peche a, men m' ap ensiste pou di peche pa chanje nan okenn fason. Sa Bondye te rele peche nan tan pase a se sa ki toujou peche jodia e k'ap toujou peche pou toutan. Nati imen rete nati imen. Kalifikasyon espiryèl Bib la egzije nan men ofisye legliz yo toujou aplikab pou tan nou yo si legliz vle kontinye reprezante Jezikri sou latè. Legliz la avèk ofisye l' yo dwe kenbe dokrin Nouvo Testaman an e kontinye rele peche yo yo idantifye klèman nan Pawòl Bondye a pa non yo : peche.

Yo dwe fè tou sa « *ak konsyans yo pwòp* » ; pa avèk yon konsyans fini tankou yo mansyone sa nan I Timote 4 :2.

I Timote 3 :10 *Se pou nou sonde yo anvan. Si apre sa, nou pa jwenn anyen pou repwoche yo, yo ka sèvi dyak.*

Yo pa dwe kouri mete yon nouvo konvèti ofisye legliz la, pa egzanp, pa egzanp pou ta va mete l' chèf yon mwa apre l' fin konvèti ou avan l' fin demontre li se vrèman kalite moun sa a Bib la dekri isit la.

Kounyea Pòl gen de twa mo pou l' di sou madanm dyak la. Yo menm tou yo dwe reponn a sèten kritè.

I Timote 3 :11 *Se pou madanm yo moun ki respektab, ki pa nan tripotaj: se pou yo konn kontwole tèt yo, pou yo seryèz nan tout bagay.*

« *Se pou madanm yo moun ki respektab.* » Mandam sa a dwe se yon moun respektab e respekte.

« *Ki pa nan tripotaj.* » Li pa dwe nan chofe dife, fè tripotaj. Yon madanm dyaj ki pa ka kontwole lang ka kreye gwo pwoblèm nan legliz la.

« *Se pou yo konn kontwole tèt yo.* » Se vle se pa yon moun tèt cho men yon moun kalm.

« *Pou yo seryèz nan tout bagay.* » Li dwe fidèl anvè mari li, anvè Senyè Jezi e anvè kòz levanjil la.

I Timote 3 :12 *Yon dyak fèt pou l' gen yon sèl madanm, se pou l' konn dirije pitit li yo ak tout kay li byen.*

Dyak la dwe ranpli menm egzijans familyal yo te bay pou evèk la.

I Timote 3 :13 *Paske, dyak ki fè travay yo byen, y'a rive jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo, y'a gen plis konfyans pou yo ka pale verite nou jwenn nan Jezikri a.*

« *Paske, dyak ki fè travay yo byen, y'a rive jwenn yon bon pozisyon pou tèt yo.* » Ki vle di dyak ki ranpli travay li byen an va gen yon bon repitasyon. Tout moun va konnen l' kòm moun serye.

« *Y'a gen plis konfyans pou yo ka pale verite nou jwenn nan Jezikri a.* » Pa bliye dyak la tou dabò gen yon fonksyon esprityèl. M' sonje ka yon moun ki te yon dyak e yo te envite ranpli fonksyon yon ansyen. Wèl, li pa t' kwè l' te esprityèl ase ou konnen Bib li ase pou l' ta vin yon ansyen. Si sa se laverite enben l' pa t' ka yon dyak non plis, men se paske l' te yon gwo biznisman ki fè yo te chwazi l' kòm dyak. Tou de, ni dyak la ni ansyen an, dwe ranpli tout egzijans esprityèl yo anvan pou n' ta envite ou penmèt yo reprezante legliz Jezikri a.

RAPO POL POU TIMOTE

I Timote 3 :14 *M'ap ekri ou lèt sa a. Men, mwen gen espwa mwen ka vin wè ou anvan lontan.*

Pòl lè sa a te Masedwàn e Timote te lavil Efèz. Pòl te espere l' ta gen posiblite al jwenn Timote nan yon ti tan tou kout.

I Timote 3 :15 *Men, si m' pran reta, lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou nan fanmi Bondye a, sa vle di nan legliz Bondye vivan an. Legliz la tankou yon poto k'ap soutni verite a.*

M' te chwazi vèsè sa a kòm vèsè kle liv la paske I Timote pale sou lòd nan legliz la. Pandan l' pa t' prezan avèk yo Pòl ekri : « *Men, si m' pran reta, lèt sa a va fè ou konnen ki jan pou nou mennen tèt nou nan fanmi Bondye a, sa vle di nan legliz Bondye vivan an.* »

« *Legliz Bondye vivan an.* » Pòl pale ak legliz la ki se legliz la.

« *Legliz la tankou yon poto k'ap soutni verite a.* » Poto vle di pilye, baz la, fondasyon ki kenbe kay la. Pòl ap di legliz la se pilye

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

a, se baz ki kenbe verite a kanpe a. Si ofisye yo pa reprezante laverite, legliz la non plis pa gen okenn fondman, okenn sipò, e l' pa ka kenbe verite Bondye a.

Gen kèk moun ki bay aparans ou pretann yo reprezante laverite, men anfèt fason y'ap viv la pa reflekte sa ditou. Dr. McGee di gen yon dyak m' te konnen, se mesye ki te pote pi gwo Bib ke m' te janm wè a. Chak fwa w' wè l' msye te panche yon bò tankou yon ti vwalye tèlman Bib la te lou nan men l'. Men se pa t' yon nonm ou te ka fè konfyans. Te gen anpil dout sou entegrite l'. Msye te fè legliz la anpil mal e te menm ba l' move renome. Pòl ap ekri pou anseye legliz kòman l' dwe fonksyone yon fason pou l' ka reprezante e pwoklame verite Bondye a bay monn nan deyò a.

I Timote 3 :16 *Tout moun fèt pou rekonèt jan sekrè relijyon nou an se yo gwo zafè. Li te parèt tankou yon moun. Lespri a fè nou wè jan li mache dwat devan Bondye. Epi tout zanj yo te wè l' tou. Se li menm y'ap mache fè konnen nan tout nasyon. Se nan li moun toupatou mete konfyans yo. Apre sa, yo resevwa l' nan syèl la.*

Vèsè sa a siman te konsitiye yonn nan premye kredo legliz la. Gen kèk moun ki panse li te pami kantik legliz primitiv la te konn chante yo.

Gen yon lòt vèsyon ki tradwi fraz « *Tout moun fèt pou rekonèt jan sekrè relijyon nou an se yo gwo zafè* » kòm : « *E san kontwovès ala mistè divinite a gran...* » Tout moun fèt pou rekonèt ou san kontwovès vle di sa evidan pou tout moun. Li klè kon dlo kokoye.

Pou rekonèt kisa ? « *Jan sekrè relijyon nou an se yon gwo zafè* » ou selon dezyèm tradiksyon an « *ala mistè divinite a gran.* » Sekrè a ou ankò mistè divinite a sèke Bondye nan pèsonn Jezikri

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

te vini nan monn sa a kote n'ap viv la, peyi pri peche nou yo, e retounen fè lòm, fanm ak gason, sanble ak Bondye ankò.

« *Li te parèt tankou yon moun.* » Evidamman se nesans vijinal Kris la Pòl ap anseye la, men l' pale tou sou egzistans Kris la anvan enkanasyon an. Se te yon egzistans espiryèl : Li te « ...sou fòm Bondye... » (Filipyen 2 :6). Lèt Ebre a pale sou Kris la tankou : « *Pitit sa a reflekte limyè bèl pouvwa Bondye a, se bon pòtre Bondye li ye. Se li menm k'ap soutni tout bagay ak pouvwa pawòl li...* » (Ebre 1 :3). Senyè Jezi Li menm pou tèt pa L' te deklare nan Jan 4 :24 : « *Bondye, se Lespri li ye...* »

Konsa, soti nan kondisyon L' kòm Bondye – ke nou pa ka wè ak je natirèl nou yo – Kris la manifeste L' – Li rann tèt Li vizib a lèy ni – pou L' tounen moun. Li tounen moun e antre nan kondisyon imanite nou an. E nan eta imen sa a esans pèsonalite espiryèl Li a te vwale. Se lide sa a Jan t'ap devlope nan levanjil ki pote non l' lan. Li di pa egzanz nan Jan 1 :14 : « *Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou...* » Menmjan Bondye pa t' vizib nan tabènak la nan dezè a, se konsa Senyè Jezi te vwale lè L' te vini tankou Tabènak vivan an pou viv pami nou. Li pa t' parèt devan nou nan tout laglwa Li, lòm pa t' rekonèt ki moun Li ye. Moun sa a ki depi nan kòmansman te Bondye a, te avèk Bondye, e Moun sa a nan Ki tout bagay te jwenn egzistans yo a, te tounen yon ti bebe inofansif. Li te imaj Bondye envizib la e L' te genyen tout pisans sou latè e nan syèl, men isit sou latè Li te pran fòm moun. Paske lèzòm pa t' rekonèt Li, yo te trete L' tankou yon enpostè, yon pretansye, yon blasfematè. Yo te rayi L', pèskite L' e menm touye L'. Bondye manifeste nan lachè te pòv, yo te tante L', yo te jije L' e L' te menm konn gen dlo nan je.

« *Lespri a fè nou wè jan li mache dwat devan Bondye.* » Gen yon lòt tradiksyon ki di « *Li te jistifye nan Lespri.* » Men malgre tou sa, Li pa t' jistifye nan lachè, men nan Lespri. Li te manifeste nan

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

lachè, se konsa lemond te wè L' ; men L' te jistifye ou viktoye nan Lespri avèk rezireksyon L' lan. Te gen kèk moman lè laglwa Li te fè ti pèse pandan L' te sou latè, te gen revelasyon ak ekspresyon ak temwayaj Moun Li vrèman ye a. Pa egzanp te gen zanj ki t'ap chanje nan okazyon nesans Li. Laglwa L' te manifeste nan moman batèm Li, nan transfigirasyon an e lè yo te arete L' la. Mèvèy ki t'ap pase yo nan moman krisifiksyon L' lan te pouse ofisye lame a di : « ... *Se vre wi, nonm sa a te Pitit Bondye.* » (Matye 27 :54). Men se lè L' te leve soti vivan nan lanmò a nou te wè L' kòm Kris Jistifye a. Li te manifeste nan lachè men jistifye nan Lespri. I Korent 15 :44 di : « *Lè yo te antere l', li te yon kò ki fèt ak labou. Men, lè la leve vivan, l'ap tounen yon kò ki sòti nan Lespri.* » Pa gen okenn lenmi ki te ka oze leve men sou Li apre L' te fin leve soti vivan nan lanmò a. Yo pap janm jwen okazyon moke ou dezonore L' ankò.

E kounyea, paske Li te vini isit sou latè e an apre tounen al chita sou bò dwat Bondye Papa a nan laglwa, nou kapab jwenn jistikasyon nan Kris. Isit sou latè yo te sakriye L' pou peche nou, Li te pran plas nou kòm pechè, e kounyea Li ofri nou plas Li anwo a nan syèl la e nou jistifye. Ou pa wè jan sa mèvèye !

Pòl kontinye pou di : « *Epi tout zanj yo te wè l' tou.* » Yo pa di L' te wè zanj yo non, men zanj yo te wè L'. Li te retounen nan syèl la e kounyea tout kreayè entelijan yo nan syèl la ap adore L' paske L' pote redanmsyon pou limanite. Ti krebete lòm sou latè poko rive nan pwèn sa a, men kantik yo va chante pandan tout letènite a se kantik redanmsyon an.

« *Se li menm y'ap mache fè konnen nan tout nasyon.* » E sa kontinye ap fèt jodia toujou.

« *Se nan li moun toupatou mete konfyans yo.* » Gen anpil anpil moun jodia ki asepte L' kòm Sovè pèsonèl yo.

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

« *Aprè sa, yo resevwa l' nan syèl la.* » Jodia Senyè Jezi chita sou bò dwat Bondye Papa a. Li la nan pozisyon sa a nan moman sa a menm kote m'ap pale ak ou a. Eske w' te pale ak Li jodia ? Eske w' di L' ke w' renmen L' ? Eske w' remèsye L' pou tou sa L' fè yo? Ala Senyè Jezi nou an mèvèye !

Se avèk bèl pawòl gloriye sa yo n'ap mete yon bout nan pwogram nou pou jounen an. Se te yon reyèl plezi pou nou te ansanm. Pandan n'ap separe a m'ap mande pou Bondye ki gen tout pouvwa a, yon sèl Bondye an twa pèsòn nan : Papa, Pitit ak Lespri Sen an kapab akonpanye w' e beni w' an abondans !